# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLER DEMOGRAFIYASI BOYINSHA MAĞLIWMAT

*2021- jıl 1- fevral jağdayına*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan basqa)*



# **Kárxana hám shólkemler sanı**, *birlikte*

*(2021- jıl 1- fevral jağdayına)*



| | | |
|---|---|---|
| Dizimnen ótken kárxanalar | **22 963** | 120,0 % |
| Hárekettegi kárxanalar | **22 107** | 118,5 % |
| Jańadan ashılğan kárxana *(2021-jılda)* | **344** | 107,8 % |

**Yuridik shaxs:**

Óz jumısların júrgiziwinde yamasa operativ basqarıwında óz aldına mal-mulkke iye bolğan hám de óz minnetlemeleri tiykarınan usı mal-múlk penen juwap beretuğın, óz atınan mulki yamasa jeke mulk siz huquqlarğa iyelik ete alatuğın hám olardı ámelge asıra alatuğın, minnetlemelerdi atqara biletuğın, sudta dawager hám juwapker bola alatuğın shólkem **yuridikalıq shaxs** esaplanadı.

## **Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı**, *birlikte*

*(1-fevral jağdayına)*



# Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, *birlikte*

*2021-jıl 1- fevral jaǵdayına*



**13 126**
Juwapkershiligi sheklengen jámiyet

**1 632**
Shańaraq kárxanalar

**106**
Unitar kárxanalar

**3 345**
Jeke kárxanalar

**27**
Akcionerlik jámiyeti

**263**
Basqalar

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, *birlikte*

*(1-fevral jaǵdayına)*



# Ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(2021- jıl yanvar ayında)*






## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(2021- jil yanvar ayında, birlikte)*



# Hárekettegi awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawındaǵı kárxanalar hám shólkemlerdiń jámine, úlesi

*(1-fevral jaǵdayına)*






## Hárekettegi sanaat kárxanaları hám shólkemlerdiń sanı, *birlikte*

*(2021- jıl 1-fevral jaǵdayına)*

184



Taw-kán sanaatı hám ashıq kanlerdi islew

2 673



Islep shıǵarıw sanaatı

39



Elektr, gáz, puw menen táminlew hám hawanı konditsiyalaw

42



Suw menen támiyinlew, kanalizaciya, shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew

2021- jıl 1- fevral jaǵdayına sanaat kárxanaları hám shólkemleri sanı 2 938, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 125,0 % ke ósti.

Jámi sanaat kárxanaları hám shólkemleri - (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda), Islep shıǵarıw (qayta islew) sanaatı - 126,0 % ke (jámine ulesi 91,0%), taw-kán sanaatı hám ashıq kanlerdi islew - 112,9 % ke (jámine ulesi 6,3 %), elektr, gáz, puw menen táminlew hám hawanı kondiciyalaw - 130,0 % ke (jámine ulesi 1,3 %) hám suw menen támiyinlew, kanalizaciya shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew - 120,0 % ke (jámine ulesi 1,4 %) óskenligin kóriwimiz múmkin.

# Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqinda maǵlıwmat, *jıllar kesiminde*

*(birlikte)*




2021- jıl 1- fevral jaǵdayına qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 2 333, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 106,5 % ke ósti. Jámi qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı imáratlar qurıw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 102,2 % ke (jámine ulesi 60,4 %), puxaralıq obyektlerin qurıw -114,2 % ke (jámine ulesi 8,9 %), qánigelestirilgen qurılıs jumısları 113,7 % ke (jámine ulesi 30,6 %) ósiwin kóriwimizge boladı.

## Sawda boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sanı, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına)*

2021- jıl 1- fevral jaǵdayına sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 5 678 ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 132,7 % ke ósti. Jámi sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı-usaqlap satıw (jenil mashina hám motosikllerden tısqari) ótken jılgá salıstırǵanda- 138,0 % ke (jámine ulesi 70,4 %), kótere sawda (jenil mashina hám motosikllerden tısqarı) ótken jılgá salıstırǵanda- 114,2 % ke (jámine ulesi 21,3 %), jenil mashina hám motosikllerdi kotere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw ótken jılgá salıstırǵanda -145,4 % ke (jámine ulesi 8,3 %) ósiwin kóriwimizge boladı.



# Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(2021- jıl 1- fevral jağdayına)*

- **Densawlıqtı saqlaw**

**392**

- **Jasaw ushın jay menen tamiyinlengen halda sociallıq xızmetler kórsetiw**

**13**

- **Jasaw ushın jay menen tamiyinlenbegen halda sociallıq xızmetler kórsetiw**

**9**

## Jasaw hám awqatlanıw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(2021-jıl 1- fevral jağdayına)*




**88**
**Jasaw boyınsha xızmetler**



**1 197**
**Azıq-awqat ónimleri hám ishimlikler jetkeriw boyınsha xızmetler**

2021- jıl 1- fevral jağdayına, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındağı kárxana hám shólkemler sanı 1 285 dı qurap, ótken jıldın' sol dáwirine salıstırğanda 111,2 % ke ósti.

Jami jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındağı kárxana hám shólkemler sanınıń kóbeyiwiniń tiykarğı deregi azıq-awqat hám ishimlikler jetkerip beriw boyınsha xızmetler – 111,4 % ke (jámi jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındağı ulesi 93,1 %), jasaw boyınsha xızmetlerdin'- 108,6 % ke (jami jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındağı ulesi 6,8 %) ósiwi guzetildi.

# Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı,*birlikte*

*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*

**19 196** dizimnen ótken
- **1 062** kishi kárxanalar
- **18 134** mikrofirmalar

**18 408** hárekettegi
- **1 058** kishi kárxanalar
- **17 350** mikrofirmalar

**319** 2021 jil yanvar ayında jańadan ashılǵan
- **3** kishi kárxanalar
- **316** mikrofirmalar

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı,*birlikte*

*(1-fevral jaǵdayına)*



## **Shańaraq kárxanalar sanı**, *birlikte*
*(1-fevral jaǵdayına)*




Klassifikator boyınsha dizimnen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2021- jıldıń 1- fevral jaǵdayına 1 742, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 663 ti yamasa 161,4 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi shańaraq kárxanalar sanı 1 632, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 590 dı yamasa 156,6 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2021- jıl yanvar ayında jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalar sanı 41 di qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 7 ge yamasa 120,6 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

## **Juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sanı**, *birlikte*
*(1- fevral jaǵdayına)*

Klassifikator boyınsha dizimnen ótken juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sani 2021- jıldıń 1- fevral jaǵdayına 13 609, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2 811 ke yamasa 126,0 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 13 126, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2 588 dı yamasa 125,5 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2021- jıl yanvar ayında jańadan ashılǵan juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 256, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistırǵanda 9 ǵa yamasa 103,6 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.



## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




Dizimnen ótken shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 2021- jıldıń 1 fevral jaǵdayına 169 dı quraydı, olardan 165 yamasa 97,6 % háreket kórsetpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 5 ge yamasa 103,1 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2021- jıl yanvar ayında 1 shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jańadan ashılgan kommercialıq kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2021- jıl yanvar ayında)*

| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **Jami** | **307** | **321** |
| *sonnan:* | | |
| **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | 51 | 90 |
| **Sanaat** | 43 | 46 |
| **Qurılıs** | 48 | 27 |
| **Sawda** | 103 | 112 |
| **Tasıw hám saqlaw** | 15 | 6 |
| **Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler** | 19 | 8 |
| **Málimleme hám baylanıs** | 7 | 10 |
| **Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw** | 5 | 4 |
| **Basqa xızmet túrleri** | 16 | 18 |

# **Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemlerdiń mámleketler kesimindegi sanı**, *birlikte*



*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




## **Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń sanı**, *jillar kesiminde birlikte*

| | 2017- yil | 2018- yil | 2019- yil | 2020- yil | 2021- yil |
|---|---|---|---|---|---|
| **Jámi** | **66** | **77** | **124** | **160** | **165** |
| *sonnan:* | | | | | |
| **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | 14 | 15 | 34 | 39 | 46 |
| **Sanaat** | 39 | 45 | 59 | 80 | 80 |
| **Qurılıs** | 3 | 3 | 3 | 6 | 6 |
| **Sawda** | 6 | 9 | 18 | 21 | 20 |
| **Tasıw hám saqlaw** | | | 1 | 2 | 1 |
| **Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler** | 2 | 2 | 3 | 3 | 3 |
| **Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw** | 1 | 1 | 2 | 3 | 3 |
| **Basqa xızmet túrleri** | 1 | 2 | 4 | 6 | 6 |

# Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına)*



# Rayonlar kesiminde hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*



| | Jámi | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxana | shet el qatnasındaǵı kárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **165** | **92** | **73** |
| **rayonlar:** | | | |
| Ámiwdárya | 6 | 2 | 4 |
| Beruniy | 10 | 3 | 7 |
| Bozataw | 2 | 1 | 1 |
| Qaraózek | 10 | 7 | 3 |
| Kegeyli | 7 | 5 | 2 |
| Qońırat | 6 | 4 | 2 |
| Qanlıkól | 6 | 3 | 3 |
| Moynaq | 29 | 20 | 9 |
| Nókis | 10 | 6 | 4 |
| Taqıyatas | 11 | 3 | 8 |
| Taxtakópir | 6 | 4 | 2 |
| Tórtkúl | 5 | 4 | 1 |
| Xojeli | 4 | 1 | 3 |
| Shımbay | 5 | 3 | 2 |
| Shomanay | 5 | 2 | 3 |
| Ellikqala | 4 | 3 | 1 |
| Nókis q. | 39 | 21 | 18 |

Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında 39 (jámi sanına ulesi 23,6 %), Moynaq 29 (17,6 %), Taxiyatas 11 (6,7 %), Qaraózek, Beruniy hám Nókis rayonlarında 10 nan (6,1 %), Kegeyli rayonında 7 nı (4,2 %) tuwrı keledi.

## Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




2021- jıl 1- fevral jaǵdayına dizimnen ótken kárxana hám shólkemler rayonlar kesiminde Nókis qalasında (28,4 %), Tórtkúl (10,3%), Beruniy (8,3%), Ámiwdárya (7,3 %), Ellikqala (6,2 %), Qońırat (5,8 %), Xojeyli (5,0 %), Nókis (4,6 %), Shımbay (3,9 %), Taqıyatas (3,3 %), Qaraózek (2,9 %), Kegeyli (2,8%), Qanlıkól (2,6 %), Moynaq (2,6 %), Shomanay (2,6 %), Taxtakópir (2,1 %), Bozataw (1,3 %) rayonlar úlesine tuwrı keledi.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2021- jıl yanvar ayında)*

2020- jıl yanvar ayında jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (25,0 %), Tórtkúl (10,2 %), Beruniy (7,0 %), Ellikqala (9,3 %), Ámiwdárya (5,2 %), Qońırat (4,4 %), Xojeli (7,0 %), Nókis (7,9 %), Taxiyatas (4,1 %), Moynaq (2,9 %), Taxtakópir (0,9 %), Shımbay (4,9 %), Shomanay (1,4 %), Bozataw (4,1 %), Kegeyli (2,6 %) hám Qanlıkól (1,7 %), Qoraózek (1,4 %) ten rayonlar úlesine tuwrı keledi.



# Rayonlar kesiminde hár 1000 shanaraqqa tuwrı keletuǵun isbilermenlik subyektleri sanı)

*(2021- jıl 1 fevral jaǵdayına, birlikte)*




## Rayonlar kesiminde hár 1000 adamǵa tuwrı keletuǵun kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı[2)]

*(2021- jıl 1 fevral jaǵdayına, birlikte)*




*1) [1]2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına rayonlar (qala) puxaralardıń ózin ózi basqarıw organları*
*2) maǵlıwmatı tiykarında jámlengen.*
*[2)]Turaqlı xaliq sanı 2021- jıl 1- yanvar jaǵdayına sawlelendiriledi*

## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı, birlikte
*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




## Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń rayonlar kesimindegi sanı, *birlikte*
*(2021- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




2021-jıl 1- fevral jaǵdayına herekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyet rayonlar kesiminde qaralǵanda, Nókis qalasında (33,6 %), Tórtkúl (11,0 %), Beruniy (7,3 %), Ámiwdárya (6,5 %), Nókis (5,5 %), Qońırat (5,4 %), Xojeyli (5,0 %), Ellikqala (4,1 %), Shımbay (4,0 %), Qoraózek (3,2 %), Kegeyli (3,0 %), Moynaq (3,0 %), Taxiyatas (2,5 %), Shomanay (1,6 %), Qanlıkólde (1,6 %), Bozataw (1,5 %) Taxtakópir (1,2 %) rayonları úlesine tuwrı keledi.

# Rayonlar kesiminde jámi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń qospa kárxana hám shet el qatnasındaǵı kárxanalarǵa bólistiriliwi

*(2021-jıl 1- fevral jaǵdayına, jámine úlesi, % te)*




2017-2021 jıllarda rawajlanıwdıń bes jónelis boyınsha "Háreketler strategiyası"nıń úshinshi tiykarǵı baǵdarı- xalıq aralıq ekonomikalıq xızmetlerdi jánede rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Shet el investitsiyalar qatnasıwındaǵı kárxanalar sanı ósiwi eń daslep,mámleketdegi siyasiy turaqlılıq hám investisiya iskerliginiń nızamlı tiykarları jedellesip baratırǵanı menen anıqlama beriledi.

# Jańadan ashılǵan kommerciallıq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı

*(2021-jıl yanvar ayında, birlikte)*




2021- jıldıń yanvar ayında jańadan ashılǵan kommercialliq kárxanalardıń rayonlar kesiminde qaralganda Nókis qalasında (25,5 %), Tórtkúlde (10,6 %), Ellikqala (9,7 %), Nókis rayonı (8,1 %), Xojeli (7,5 %), Beruniy (6,8%), Ámiwdárya (5,3 %) den, Shımbay (4,7 %), Taxiyatas hám Bozataw (4,1 %), Qońırat (3,7 %), Moynaq (2,8 %), Kegeyli (2,5 %), Qanlıkól (1,6 %), Shomanay hám Qaraózek (1,2 %) den, Taxtakópir (0,6 %) ten rayonlar úlesine iye.

## Rayonlar kesiminde jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı

*(2021- jıl yanvar ayında, birlikte)*




*Ótken jılǵa salıstırǵanda, % te*






Sırtqı paydalanıwshılar, tikkeley Statistika basqarmasınıń [www.qrstat.uz](http://www.qrstat.uz) veb saytında real waqıt rejiminde, soralıp atırǵan yuridikalıq shaxstıń (STIR) kodın kirgizip, informatciyalardı biypul alıwları múmkinligi belgilep qoyılǵan.

**Statistik registrlardıń juritiw bólimi.**
**Tel.:61 224-92-09**